- Умыгуазэ, адрейхэм нэхърэ мынэхьыкIэу кьэзуухынщ а школыр, Тхьэм куэдрэ схуигъэпсэу си адэанэр. Ахэр я мылъкуми быдыми щыхьхьынукъым си Iуэхур тэмэм хъун папщIэ, - жиIащ Хьэмыщэ. Щалэм и псалъэхэм гушхуэныгъэ хэлът.

- Дауэ жыпIэфрэ апхуэдэ мыхъумыщIагъэр, псори ягушхуэфыну щхьэ кьыпщIыхьурэ?

Хьэмыщэ кьэдыхьэшхащ.

- Сыту усабий уэ иджыри, гъащIэм зыри хэпщIыкIыкъым. Уи хьуреягъым щекIуэжыщIэкIыжам кIыфI мис уэ жэщ-махуэ унмыIэу уоджэ, экзаменхэр фIы дыдэу птыну уи мурадщ, ауэ дыдэхуеIпльынщ уэ кьэпхьэмрэ сэ кьэсхь оценхэмрэ. - жиIэри, и Iэр хьыджэбзэ кьэнэщхьеям и пIэм триIьхьащ. - Умынэщхьей, Заринэ, сэ слъэкI кьэзгъэнэнкъым уэри насыпыфIэ ухъун папщIэ.

Хьэмыщэ и Iэр и пIэм триIьжыр:

- Пасыпыр щIыхум езым и IэкIэ ихуэжьжын хуейуэ аращ, армыхьумэ нэгъуэщIым щыгугъыу щысын хуейкъым, - жиIэри дыхьэжащ Заринэ.

Хьыджэбзыр егупсысыт Хьэмыщэ и дуней тетыкIэм, абы кьыжриIахэм. Ар адрей я класс щIалэ щIыкIуэхэм ещхьтэкъым: зэщIыхуэпыкIат, машинэкIэ школым кьашэурэ яшэжьыт, щIэщIэхьыурэ и адэ-анэм я гъусэу хамэ къэралкIуэрт, езыри щIалэ зэкIуэ лъагъуэгъуафIэт... Хьэмыщэ кьыкIэтъысыжьыкъ хьыджэбзхэр куэдыкIейт, ауэ езым иГу ирихьыр Заринэ щэныфIэрт.

ЕпщIанэ классым нэса нэужь, Хьэмыщэ класс унафэщIым ельэIури, Заринэ бгъэдэтIысхьат. Абдеж щыщIэдзауэ а тIур зэныбжьэгъу хьуащ. ЩIалэр и тепльэкIэ зэрыдахэм кьищынэмыщIауэ, ар псэ кьабззэу, хьэлэлу щытыпхьэу кьыхьытэрт Заринэ, ауэ куэд дэмыкIыу кьыгурыIуащ зэрыщыгугъам хуэдэу Хьэмыщэ кьызэрыщIэмыкIар, ахэр гъащIэм зэрепльэр зэрызэтемыкуэр. «Сыт иджыри уэыхуейр? ЩIалэр дахэщ, къуелйщ, фIыуэ укъельагъу», - кьыжраIэрт Заринэ и ныбжьэгъу хуэджэбз цIыкIуэм. Езыми, ар и фIэщ зыщIыну хэтхэм задищIырти, иджыри щIалэщ, зэман дэжьэ, зихуэжьанщ, жиIэурэ кьекIуэкIырт. Арцхьэкъ, псоми зэуэ кIэ игъэтащ.

Щколыр кьэзыуххэм я иужьрей уэзджьнэр кьыщIеуэну махуэр кьэсу, дахэу ирагъэкIуэкIа нэужь, щIалэгъуалэм паркымкIэ яунэтIащ зыщагъэпсэхуну. Хьэмыщэрэ Заринэрэ зэдэуэрщэруэрэ зэдэкIуэм:

- Адэжь сыт уи мурадхэр, Хьэмыщэ? - щIэупщIащ Заринэ.

ЩIалэм и нэхэр напIэзыпIэм кьэлыдащ, хьыдджэбзым и пащхьэм кьиувэри, и Iэр нубыдащ:

- Сэ си мурадщ ди гъащIэр зы тщIыуэ хамэ къэралдыкIуэну, абыхэм я псэукIэ дахэм дэри зыдэтщIыну. ПсэукIэ зымыщIэ ди къэралым сыкъинэну сыхуейкъым.

Заринэ и нэщхьэ кьызэхиукIэри, щIэупщIащ:

- Уэра Дисэ зи гугъу ищIауэ щыта сочиненэр зытхар?!

Iэнкъи хъуауэ, жиIэнур имыщIэу щыт щIалэм и нэгум пщащэр ипIэри:

- Зи Хэку епцIыжым игъэпэжкIыфIэм зыри щыIэкъым, - жиIэри ежьэжащ Заринэ.

БЭЛЭПЮКъУ Э Светэ.

Иужьрей уэзджьнэ

Рассказ

НэпэкIуэцIыр зыгъэхъэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

ДЕРСЫР и кIэм щынэбла гъэм, школ уэзджьнэр кьеуащ. ЕгъэджакIуэм и сIолым тельхэр зэщIикIуэжу щыхьежьэм, классым щIэт Iэуэльауэр нэхъ ин ящIу, ныбжьыщIэхэми загъэ хьэзырыжу щIадзащ. АрщхьэкIэ, Дисэ еджакIуэ хэр нутIыпщыжьыну и мурадтэкъым. «Фемыпlэщlэжьу фыгтIысыжьыт. Дыгъуасэ фтха сочиненэм дытепсэлъыхьынущ икIи ди хэкур нэмыщI зэрыпхъуакIуэхэм кьалэщIэзыхьыжаxэм ящIыщ зы дадэ кьезгъэблэгъащи, дыщIэнущ».

- Сыт а тIур щIыщIэпIхар, Дисэ? - щIэупщIащ Заур.

Псори кьадыхьэшхащ, щIалэм и упщIэм ауан зэрыхэтыр ягу ирихьри. Ахэр пIащIэрт щIыбым кьыщыхуэну. УпщIэр зигу иримыхьаи егъэджакIуэрат.

- Мы Iуэхум гушыIэ хэслъагъэркъым, Заур, итIани, уи упщIэм жэуап пыухыкIа естынщ, - жиIащ щIыхуэбзым и нэщхьэр зэхихьэри. - Дыгъуасэ фэ Хэку зэашхуэм теухуа сочиненэ фтхащ. Псоми я тхыгъэхэм арэзы сыкъащIащ, ауэ сы-зыгъэгуэвэ зы гупсысэ кьыщыгъэльэгъуа яхэтащ абыхэм. Ар зытхам кьызэрильытэмкIэ, а лъэхъэнэм нэмыщIхэм ди гъащIэм зыIэщIаубыдауэ щытамэ, куэдкIэ нэхъыфIу дыпсэунут. Мис аращ зытеухуауэ щытынур нобэрей ди зэIущIэр.

Ялэ щIыкIэ баддэ лъэтаи зэхэпхыну классыр щыт хъуащ, итIанэ зэуэ кьызэщIэхъеящ: «Хэт ар зытхар? И цIэр кьыджеIэ. Дауэ мыхъуми, ди зыхэдгъэкIынущ ар», - зэрогъэкIий щIалэгъуалэр.

- Абы и цIэр ижесIэну арабкъым фыкьыщIэзгъэнар, - жиIащ Дисэ, - атIэ щымыуэ щыIэкъыми, ар ГъуэгуI захуэ тегъэувэжьнымкIэ сэбэп дыхьэнырщ ди къалэнщ. Абыкъ кьыддэзпыкъунущ кьедгъэбэлъагъа дадэр. Абы и нэгу щIэкIащ фашистхэм лейуэ зэрахьар.

Классым кьыщIыхьащ зи нэхъыжьыуэхэм яхэль зэуэплыныгъэр, хьэл зэтеубыдар иджыпсту зыдэпльагъур мащIэщи аращ. Арыжьмыхьмэ, зыхуущIэкъур зыщIэ, зригъэIуэтыну увыпIэм ерыщу хуэмыдыжу щIалэгъуалэ ди куэдщ, нэхъыщхьэр мис абыхэм я Iуэху дагъэкIыфым папщIэ, Iэмалхэр кьахуэзэгъэпэщныгъ. КьыхэгъэщIапхъэщ абы и лъэныкъуэкIэ КъБР-м и Президентым лэжьыгъэ купщIафIэхэр зэрыригъэкIуэкIыр.

- Уэ, пхуэзфIэкIамэ, ди псэукIэм сыт хуэдэ зэхьэуэкIынигъэ хэр хэпль хьэнт щIалэгъуалэм я Iуэху дэкIыр папщIэ?

- Къанокъ-уэ Арсен и кьуэлыкъым зэрыпэрыувэрэ щIалэгъуалэр зыщыгъуфIыкIым Iуэхугъуэ куэд зэфIигъэкIащ. Псалъэм папщIэ, илъэс кьэс ныбжьыщIэ 50 хамэ къэралхэм еджакIуэ зыщкIуэнур программэ кьызэзрыщтам ди къэкIуэнум зиуэзэщIынымкIэ гугъэ кьыпхельхьэ. Иджыблагъэ студент 30-м стипендие хэха яритыну зэрригъэувами игъэгушхуащ студентхэмрэ аспирантхэмрэ.

ЩIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм пэрыт аспирантхэм, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм кьабгъэдэкIыу жысIэну сыхуейт егъэджэныгъэм, иджырей информационнэ технологиехэм мыпхьку ягъэкIыбэ хэлъхьэн зэрыхуейр. Аращ едгъэкIуэкI лэжьыгъэ псоми лъабжьэ яхуэхьужыр, а политикэ Iуэхуэхэри щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ кьызыхуэтыншэу убгъуауэ хъун папщIэ, ар Iэмал зимыIэщ.

Иужьрей илъэсхэм щIалэгъуалэм яхуэфащэ гуныIтэ хуамыщIуэ кьекIуэкIащ. Иджы КъБР-м и Парламентым щIалэгъуалэ палатэ, КъБР-м ЩIалэгъуалэ Iуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкIэ и къэралкомитет кьызэрыщызэрагъэпэщащ Iуэху дахэм и кьежьапIэу гупыгъэ хъунущ. Сэ сызэрепсэльмэ, ныбжьыщIэ зэрыгъэхагъэ зэрыгъэгушхуар.

- Урысей шоу-бизнесым хэт уэрэджьIалэкIуэхэм я концертхэр езыхэм зохагъэувэж, - жеIэ Тимур. - Псалъэм папщIэ, сэ сыщы-Iащ Кирковым Филиппи концертымкIи кулисэ кьуагъым щекIуэкI лэжьыгъэр слъэгъуащ, апхуэдэуи Пугачевэ Аллэ игъэхьэзыра «Илъэсым и уэрэд» концерт кьызэрымкIуэм сыкIэльпытыну Iэмал сиIащ. Абыхэм я кьызэрэпэщыкIэм нэмыщIи, мыбдежым мыхьэнэшхуэ зыгъэзащIэ халъхь ахьшэ бжьыгъэрщ. Дэри диIэщ абыхэм япеуэфын уэрэджьIалэкIуэ зэчиифIэхэр, ахэр зэхуэмыдэ зыщIыр зэрыт утыкум и инагъыщ.

Тимур и мурадхэм я гугъу пщIымэ, абы дэпэкIи уэрэджьИэнущ, ауэ зригъэгъуэт Iэщ-Iа-ныбжь хэкIуэта лIыр, зы щIалэщIэ и гъусэу. ЛIым и бгъэр орденхэмрэ медалхэмрэ щIагъэнат. Дадэм и нэгу щIэкIа куэд яжриIэжащ сабийхэм. И гъусэ щIалэ цIыкIум дежкIэ еплъэкIри, абы и адэшхуэр зауэм зэрыхэкIуэдар, хэкур хьумэным и псэр зэрыщIитар жиIащ.

ЕджакIуэхэр школьм кьыщыщIэкIыжам кIыфI хъуат. Уэгум икIута багъуэ бжьыгъэншэхэр ункIыфIкъыщIэнэжурэ нащхьэ кьыпхуащI хуэдэт. «Заринэ, ди гъусэу уэнкIуэжьну, хьэмэрэ?.. - жаIащ хьыдджэбзым, зизыкIэпхьыу щыт пщащэм зызыуагъаззри, ауэ кьабгъэдыхьа Хьэмыщэ щалъагъум, кьыдэгушыIэурэ ежьэжахэщ.

- Кьащтэ, Заринэ, уи тхыльыльэр хьэльащ, апхуэдизкъыщIепльэкIри сщIэрыкъым, - жиIэри Хьэмыщэ Заринэ иныгьыр кьыIихащ.

- Тхыльпь кьыщIэтщэхур деджэну аращ, - кьинкIуэтакъым Заринэ. - Уэ з тхыльпь кьэтхьыльхьэкъым, зы тетрадь уи гуфIакIэм дэпъу кьыбобхьри, зэфIыбогъэкI. Школыр кьэдухьным иIэжыр мазитху кьудейщ. Экзаменхэр птыну уэзригугъэр дауэ ибгъэр? - хьущIэрт зыкIджэбзыр.

- Умыгуазэ, адрейхэм нэхърэ мынэхьыкIэу кьэзуухынщ а школыр, Тхьэм куэдрэ схуигъэпсэу си адэанэр. Ахэр я мылъкуми быдыми щыхьхьынукъым си Iуэхур тэмэм хъун папщIэ, - жиIащ Хьэмыщэ. ЩIалэм и псалъэхэм гушхуэныгъэ хэлът.

- Дауэ жыпIэфрэ апхуэдэ мыхъумыщIагъэр, псори ягушхуэфыну щхьэ кьыпщIыхьурэ?

Хьэмыщэ кьэдыхьэшхащ.

- Сыту усабий уэ иджыри, гъащIэм зыри хэпщIыкIыкъым. Уи хьуреягъым щекIуэжыщIэкIыжам кIыфI мис уэ жэщ-махуэ унмыIэу уоджэ, экзаменхэр фIы дыдэу птыну уи мурадщ, ауэ дыдэхуеIпльынщ уэ кьэпхьэмрэ сэ кьэсхь оценхэмрэ. - жиIэри, и Iэр хьыджэбзэ кьэнэщхьеям и пIэм триIьхьащ. - Умынэщхьей, Заринэ, сэ слъэкI кьэзгъэнэнкъым уэри насыпыфIэ ухъун папщIэ.

Хьэмыщэ и Iэр и пIэм триIьжыр:

- Пасыпыр щIыхум езым и IэкIэ ихуэжьжын хуейуэ аращ, армыхьумэ нэгъуэщIым щыгугъыу щысын хуейкъым, - жиIэри дыхьэжащ Заринэ.

Хьыджэбзыр егупсысыт Хьэмыщэ и дуней тетыкIэм, абы кьыжриIахэм. Ар адрей я класс щIалэ щIыкIуэхэм ещхьтэкъым: зэщIыхуэпыкIат, машинэкIэ школым кьашэурэ яшэжьыт, щIэщIэхьыурэ и адэ-анэм я гъусэу хамэ къэралкIуэрт, езыри щIалэ зэкIуэ лъагъуэгъуафIэт... Хьэмыщэ кьыкIэтъысыжьыкъ хьыдджэбзхэр куэдыкIейт, ауэ езым иГу ирихьыр Заринэ щэныфIэрт.

ЕпщIанэ классым нэса нэужь, Хьэмыщэ класс унафэщIым ельэIури, Заринэ бгъэдэтIысхьат. Абдеж щыщIэдзауэ а тIур зэныбжьэгъу хьуащ. ЩIалэр и тепльэкIэ зэрыдахэм кьищынэмыщIауэ, ар псэ кьабззэу, хьэлэлу щытыпхьэу кьыхьытэрт Заринэ, ауэ куэд дэмыкIыу кьыгурыIуащ зэрыщыгугъам хуэдэу Хьэмыщэ кьызэрыщIэмыкIар, ахэр гъащIэм зэрепльэр зэрызэтемыкуэр. «Сыт иджыри уэыхуейр? ЩIалэр дахэщ, къуелйщ, фIыуэ укъельагъу», - кьыжраIэрт Заринэ и ныбжьэгъу хуэджэбз цIыкIуэм. Езыми, ар и фIэщ зыщIыну хэтхэм задищIырти, иджыри щIалэщ, зэман дэжьэ, зихуэжьанщ, жиIэурэ кьекIуэкIырт. Арцхьэкъ, псоми зэуэ кIэ игъэтащ.

Щколыр кьэзыуххэм я иужьрей уэзджьнэр кьыщIеуэну махуэр кьэсу, дахэу ирагъэкIуэкIа нэужь, щIалэгъуалэм паркымкIэ яунэтIащ зыщагъэпсэхуну. Хьэмыщэрэ Заринэрэ зэдэуэрщэруэрэ зэдэкIуэм:

- Адэжь сыт уи мурадхэр, Хьэмыщэ? - щIэупщIащ Заринэ.

ЩIалэм и нэхэр напIэзыпIэм кьэлыдащ, хьыдджэбзым и пащхьэм кьиувэри, и Iэр нубыдащ:

- Сэ си мурадщ ди гъащIэр зы тщIыуэ хамэ къэралдыкIуэну, абыхэм я псэукIэ дахэм дэри зыдэтщIыну. ПсэукIэ зымыщIэ ди къэралым сыкъинэну сыхуейкъым.

Заринэ и нэщхьэ кьызэхиукIэри, щIэупщIащ:

- Уэра Дисэ зи гугъу ищIауэ щыта сочиненэр зытхар?!

Iэнкъи хъуауэ, жиIэнур имыщIэу щыт щIалэм и нэгум пщащэр ипIэри:

- Зи Хэку епцIыжым игъэпэжкIыфIэм зыри щыIэкъым, - жиIэри ежьэжащ Заринэ.

БЭЛЭПЮКъУ Э Светэ.

НэпэкIуэцIыр зыгъэхъэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

• Гъуэгу къежьапIэ

Мурадыщlэхэр зи куэд Хьэцей Тимур

Ди республикэм щыщIэрыIуэ, Ингуш Республикэм щIыхь зиIэ и артист Хьэцей Тимур и ехьулIэныгъэхэм щогуфIыкI абы и творчествэм дихьэх дэтхэнэ зыри. Ар ЩIэнхабзэмрэ гъуэздджэмкIэ Москва дэт къэрал университетым и езанэ курсым щодж.

И ЗЫГЪЭПСЭХУГЪУЭ пIальэр и унагъуэм щигъэкIуэну къыызрыкIуэжар къэдгъэсэбэпри, Тимур и щIэныгъэм зэрыхигъахьуэм, дяпэкIэ и мурадхэм тедгъэпсэльыхьыну зыхуэдгъэзащ.

Курыт еджапIэм зэрыщIэсри Хьэцей макъамэ школым щеджащ, ар диплом итыжькъкIэ кьиуха нэужь, Налшык къалэ ЩIэнхабзэмрэ гъуэздджэмкIэ дэт колледжым щIэтIысхьэри, щIэныгъэ щызригъэгъэтащ.

И утыку итыкIэм, и уэрэд жьIэкIэм ятепщIыхьмэ, гъащIэм кьыщыхиха Iэщ-Iагъэм нэсу хэгъуэзауэ кьыттщихьу пэтми, езы Тимур иджыри зыхуэзэрыжькъым, атIэ и зэфIэкIым зригъэуэжьмэ нэхъ кьищтэу еджапIэ нэхьыщхьэм щIэтIысхьащ.

- Композиторхэр щагъэхьэзыр факультетым сыщеджэну тезухуат нэхьапэр, арщхьэкIэ уэрэд тхыным, машIэми, зыгуэр зэрыхэщIыкIым кьыхэкIыу, нэгъуэщI Iэщагъэми зыхуэзгъасэмэ нэхьыфIу кьэселыгъэри, театр теплъэ зиIэ зыкьэгъэльэгъуэныгъэхэр, махуэщхуэхэр кьызэгъэпэщыным и режиссурэр здкьыну мурад сщIащ. Зи гугъу сщIы Iэщагъэм щыхуагъэхьэзырыр сэ сызыщIэс университетымрэ Санкт-Петербургдэтымрэщ, - жеIэ Хьэцей.

Хутыку иту еса цIыху щIэрыIуэхэм ядэлэжьа уэрэджьIакIуэ ныбжьыщIэм кьегугъуэкIакьым зэрыщIэтIысхьэ экзаменхэр итыну. А университетым щIэхуэну хуейкъм я бжьыгъэр куэд хъуми, Тимур и зэфIэкIхэр щызэхуэхьэса дэфтэрхэр нэхъ купщIафIэт, кьищынэмыщIауэ экзаменым хуигъэхьэзыра творческэ лэжьыгъэри кьехьуIат.

- Сэ згъэхьэзырар Къэбэрдей-Балькъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрикьуар ди республикэм зэрыщагъэльапIэ махуэщхуэм теухуа теплъэгъуэт, - жеIэ абы. - Хуабжьу гъэщIэгъуэну зэхэзгъэуващ ар, си гупсысэр зыхуэкIуэ Iэ

● Футбол

«Динамор» йобгъэрыкIуэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Динамо» (Мэзкуу) - 0:2 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. Мэлыхьыхьым и 6-м. Цыху 14000 еплъащ.

Судьяхэр: Иванов, Голубев, Лагун (псори Санкт-Петербург щыщы).

«Спартак-Налшык»: Хомич, Джудович, Филатов, Ятченкэ, Амисулашвили, Мешшыкъуэ, Джатэрыв, Самсонов (Гогуа, 71), Дзыхьмыщ, Къэжэр (бикмаев, 46), Сирадзе (Фелипе, 82).

«Динамо»: Шунин, Танасьевич, Колодин, Фернандес, Камбаров Д, Камбаров К. (Демидкэ, 66), Хохлов, Семшов, Данни, Генков (Смолов, 74) Кержаков.

Топхэр дагъэкIащ: Демидкэ, 68 (0:1). Фернандес, 90 (0:2).

Дагъуэ хуащIащЯтченкэ, Амисулашвили, Танасьевич, Джудович, Колодиным, Данни.

НАЛШЫК зи щхьэр къыщрамыгъэIэт командхэм ящыщт Мэзкуу и «Динамор»: Уигу къзбгъэкIыжьыну урикъунщ нэгъабэ ди щIалэхэр абы 4:1-уэ, абы и пэ итIысэм 1:0-у зэрыгъэкIуар. НэхъапэжкIи, 2002 гъэм дэ иджыри япэ дивизионым дыхэту, къэралым и кубокыр къэхьыным теухуа зэпеуэм 2:0-у дыщеф1экIат. Ауэ ар нэхъапэрат. Ди жагъуэ зэрыхъуци, вэсэпшыхь Iэхъум зихъуэжащ.

Иужьрей джэгуъуитIыр езыгъэхьэжа «Спартак-Налшыкым» фIы дыдэу зыхищIэрт и очко бжыгъэм иджипсту химыгъахъуэмэ, къыкIэлъыкIуэ зэIущIэхэм ар нэхъ гугъуэ зэрырэхъунур. ТекIуэнигъэр зыIэрыгъэхьэгъуафIэ зэрымыкъунури гурыIуэгъуэт - зэи къэмыхъуауэ Мэзкуу и «Динамом» мыгъэрей зэхьэзэхуэр лъэщу къыщIидзат икIи джэгуплI губгъуэр щIэзэщIэщтхьа Томск щекIуэкIам фIэкIа къэмыну адрейхэм щытекIуат.

Я ехьулIэныгъэхэм Налшык щыпащэм мурад яIэу хьэщIэхэм жыджэру къыщIадзащ, арщхьэкIэ налшыкдэхэм псынщIэ дыдэу тепщэныгъэр яубыдащ икIи япэ Iыхьэм икужхэм ирихьэлIэу «Спартак-Налшыкым» бжыгъэр къыззIуиухьн хуеящ. Абыкъэ Iэмал хъарзынэ 21-нэ дакъикъэм Къэжэрым къыхуокъуэкIащ. Ар и закъуэу гъуащхьэтетым бгъэдыхьа щхьэкIэ, Шунимым Назир зэуа топым кьриГъэгъэзащ. Фигу къэдгъэкIыжьынщи, нэгъабэ апхуэдэ дыдэ «щIалэу кIапэм» щытекIуар ди Къэжэрыр.

АдэкIи Дзыхьмыщыр, Амисулашвили, Ятченкэ сымэ зэкIэлъхьэужьу хьэщIэхэр ягъэгуэващ, арщхьэкIэ ахэр зэуа топхэр гъуэм зымащIэкIэ хуэзэятэкъым е Мэзкуу и гъуащхьэтетым Iэрыкъат.

Апхуэдизэ Iэмал яIаУэ бжыгъэр къыззрызIуамыхьрам ди щIалэхэм я лъэр щIихащ икIи загъэсэхуу къыхьэжа иужькIэ, хьэщIэхэм тепщэныгъэр ирагъэубыдащ. Иджы «Динаморат» ерыщу ебгъэрыкIуэр.

Нашыкдэсхэм зыкъомрэ захъумэфащ, ауэ джэгуплI губгъуэм къыхьагъащIэ, хьэщIэхэм я гъуащхьаэ Демидкэ 68-нэ дакъикъэм теплъэкъуиГащэ зэрыкъуэжа ар нэхъ гугъуэ зэрырэхъунур. ТекIуэнигъэр зыIэрыгъэхьэгъуафIэ зэрымыкъунури гурыIуэгъуэт маевым Iэхъум фIыкIэ зрагъэхъуэжащ. Уеблэмэ, иужь дыдэ дакъикъэм аргуэру зы топ къыдрагъэзэкIащ - 0:2.

Мы зэIущIэм зэрыщытемыкIуам «Спартак-Налшыкым» и Iэхъур хуабжьу хьэлъэ ищIащ. Ар турнир таблицэм къыззрыщIекIуэтэхам и закъуэкъым, атIэ адэкIэ кьапэщIыль зэIущIэхэр зэрынэхъ гугъуэжырщ. ЗэкIэлъхьэужьу ди щIалэхэр яIущIэн хуейщ Мэзкуу и командэ лъэщхэу ЦСКА-м, «Спартакым», «Локомотивым», «Москвам». ГурыIуэгъуэщ премьер-лигэм зэIущIэ тынш зэрыщымыIэр, ауэ мыхэр егъэлеящ. Абыхэм я очко бжыгъэм щыхагъэхъуэфмэ, кудкIэ узыщыгуГъ хъун гупу ди щIалэхэр къыщIэкIынущ. Армырамэ...

Турнир таблицэм пашэныгъэр щиубыдащ япэ джэгуГъуиплIми щытекIуа Къэзан и «**Рубиным**». Абы Томск икIа «**Томьр**» **2:1-уэ** хигъэщIащ. Премьер-лигэм зэт адрей командэхэр зэрызэдэджэгуам къариКIуа бжыгъэхэм адэкIэ щыгъуазэ фыхудощ: «**Москва**» (Мэзкуу) - «**Химки**» (Химки) - **2:2**, «**Тэрч**» (Грознэ) - **ЦСКА** (Мэзкуу) - **1:0**, «**Сатурн**» (Мэзкуу область) - «**Локомотив**» (Мэзкуу) - **1:2**, «**Крылья Советов**» (Самарэ) - «**Луч-Энергия**» (Владивосток) - **2:1**, «**Шинник**» (Ярославль) - «**Зенит**» (Санкт-Петербург) - **2:2**, «**Спартак**» (Мэзкуу) - «**Амкар**» (Пермь) - **1:1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгуГъуэр «Спартак-Налшыкым» Мэзкуу щригъэкIуэкIынущ. Мальжьыбым и 12-м ди щIалэхэр яIущIэнущ «Тэрчым» игъэгубжьа ЦСКА-м.

ЖЫЛАСЭ Заур.

Зэ1ущ1э нэужьым

КОБЕЛЕВ Андрей, *«Динамом» и тренер нэхъыщхьэ:*

Яхуэфащэу къызолъытэ

Налшыкдэсхэм текIуэныгъэ къыфIахьа нэужь, турнир таблицэм и етIуанэ увыпIэр щызыубыда командэм и тренерым гукъыдэж иIэт.

- ЗэIущIэм и япэ Iыхьэм «Спартак-Налшыкым» икъукIэ джэгукIэ лъэщ кьиГъэлъэГъуащ. Топ кьытхудагъэкIыну абыхэм Iэмал зыбжанэ яIащ, арщхьэкIэ ди Гъуащхьэтет Шунин Антон ди командэр кьригъэлащ. ЕтIуанэ Iыхьэм топ дэдгъэкIри, кьэнэжа зэманыр дыззрыхуеIм хуэдэу едгъэкIуэкIащ. Налшыкдэсхэм топджэгу хъарзынэгъэ яIэщ. Си щIалэхэм фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуеищ яхуэфащэу текIуэныгъэр къызэрахьамкIэ.

- Фи командэм мы гъэм къыхьыхьа Кержаков Александр и джэгукIэм арэзы укъыщIри?

- ЩIалэмкIэ сыаразэращ. Адрей футболистхэм хуэдэу, абыи командэм гъэкъыгъэшхуэ щызэфIеГъэкI. Командэм хэзагъэпэмэ, топ дигъэкIри щIидзэнри дыщогуГъ.

КРАСНОЖАН Юрий, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

ЩIалэхэм я гукъыдэжыр

Адэкъ къыпэщыты зэIущIэ хэр нэхъ гугъуэ зэрыхъунур къызыгурыIуэ икIи зи командэр турнир таблицэм и кIэ увыпIэхэм къыщыхута тренерым и гум щыщIэр гурыIуэгъуэт.

- ДАУЭ ХЬУМИ, нобэ ди командэм кьигъэпъэгъуа джэгукIэр гъэ джэгуГъуэр зэрыщIидзэрэ ирагъэкIуэкIахэм я нэхъыфIщ. ПэщIэ Iазагъкъ ди хъэр хуэрагъуэр къыдэфIэкIащ. Иджы ди футболистхэм я щыуагъэхэр къагурыдгъэIуэжынущ, ахэр зэрыдгъэзэкIуэжыным яужь дитынущ. ФIыщIэ яхуэсщIыну сыхуеищ сытым дежи командэм къыдэщIэхэм.

- Ди гъуащхьаэхэм топ дагъэкIын щыщIадзэнур дапщэщ?

- Мыбы щхьэусыгъуэ куэд иIэщ. ЗэрыжысIащи, абыхэм дадолажьэ, дяпэкIэ я джэгукIэр ефIэкIуэну дащоГъуэ.

- Футболистхэм я гукъыдэжыр дауэ щыт?

- ЩIалэхэм я гукъыдэжыр тэмэмщ. Дэтхэнэ зэIущIэми текIуэныгъэм хущIэкъуу джэгупIэ губгъуэм къохьэ.

Зытхыжар **МЭЗКУУ Къанщобийщ.**

ЩIалэгъуалэ зэпеуэ

НэхъыщIэхэм фадэплъей!

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Динамо» (Мэзкуу) - 1:0 (1:0). Мэлыхьыхьым и 5-м. Нарткъалэ. «Химик» стадион. Цыху 2000 еплъащ.

СудьярМанаширов (Мейкъуапэ).

«Спартак-Налшык»: Радич, Щоджэн, Васин, Шумейкэ, Соблыр, Балэ (Балькъэр, 60), Зрум, Рикарду (Степанов, 46), ДышэкI (Захаров, 70), Гъуэщокъуэ (Махдиев, 87), Гъубж (Iэщхьуэт, 83).

«Динамо»: Тарасевич, Рыховский, Чичерин, Денисов, Тагиль, Заналиев, Алимчев (Бебих, 85), Куштодиу (Свежов, 46), Кокорин, Курочкин (Алтунин, 73), Смолов (Моргошия, 83).

Топыр дигъэкIащ Гъуэщокъуэ, 43 (1:0).

Дагъуэ хуащIащ Алимчевымрэ Захаровымрэ.

ЩэЕЭТ КIУАМ «Спартак-Налшыкым» щIалэгъуалэ командэм Нарткъалэ къыщригъэблагъащ и къэрхуэрыгъур - Мэзкуу и «Динамор». Ди щIалэхэр нэхъри тригъэгушхуэрт зэи къыззрыхамыгъэщIам. Хэгъэрейхэм зэрахабзэу, зэIущIэр ебгъэрыкIуэныМкIэ къыщIадзащ. Мэзкуудэхэми апхуэдизу тыншу узытрагъэгушхуэн хуэдэтэкъым икIи топыр щIэх дыдэу ди лъэныкъуэмкIэ къыщIыхуэтэжырт. АрщхьэкIэхьэщIэхэм я Гъуащхьаэхэр ди Гъуащхьэхъуэмэхэм къаIэщIэкIыфыртэкъым, апхуэдэу кьэхъу хъужьыкIуми, Радич сытым дежи хьэрт.

ЗэIущIэм и япэ Iыхьэм хухаха зэманыр и кIэм нэблэгъауэщ ди щIалэхэм бжыгъэр къыщIэзэIуахьэфар. Ар хуэзфIэкIащ щIалэгъуалэ гупым я гъуащхьаУэ нэхъ лъэщхэм ящыщ Гъуэщокъуэ Арсен.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэр зэрызэпагъэуам хуэдэуи гуащIэу щIидзэжащ. Я хьэрхуэрэгъуэхэр зы топкIэ фIэкIа япэ зэримыщар икIи щытыкIэм зебгъэхъуэж зэрыхъунур къызыгурыIуа «Динамор» ебгъэрыкIуэрт, ауэ ди щIалэхэр нэхъ лъэщти, текIуэныгъэ кьахуэзыхь бжыгъэр яхъумэфащ. Иджыпсту «Спартак-Налшыкым» турнир таблицэм ещанэ увыпIэр щиIыгъащ.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ адрей командэхэм я щIалэгъуалэ гупхэр зэрызэдэджэгуам къариКIуаХэм: «Москва» (Мэзкуу) - «Химки» (Химки) - 1:2, «Рубин» (Къзэан) - «Томь» (Томск) - 1:0, «Тэрч» (Грознэ) - ЦСКА (Мэзкуу) - 2:2, «Сатурн» (Мэзкуу область) - «Локомотив» (Мэзкуу) - 1:3, «Крылья Советов» (Самарэ) - «Луч-Энергия» (Владивосток) - 3:1, «Шинник» (Ярославль) - «Зенит» (Санкт-Петербург) - 2:0, «Спартак» (Мэзкуу) - «Амкар» (Пермь) - 4:1 (мэзкудэхэм я иужьрей топитIыр дэзыгъэкIар Бажэ Амирщ).

КЪЭХЪУН Бэч.

Премьер-лигэм хэт командхэм я щIалэгъуалэ гупхэр зэрызэдэджэгуам къариКIуар

Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI	Т.	О.
1. «Локомотив»	4	4	0	0	12-6	12
2. «Спартак»	4	3	1	0	10-3	10
3. «Спартак-Налшык»	4	3	1	0	6-3	10
4. «Москва»	4	3	0	1	7-5	9
5. ЦСКА	4	2	1	1	11-8	7
6. «Сатурн»	4	2	0	2	12-9	6
7. «Крылья Советов»	4	2	0	2	7-8	6
8. «Рубин»	4	2	0	2	4-5	6
9. «Химки»	3	1	2	0	3-2	5
10. «Луч-Энергия»	4	1	0	3	7-8	3
11. «Шинник»	4	1	0	3	5-8	3
12. «Зенит»	4	1	0	3	2-5	3
13. «Динамо»	3	0	2	1	2-3	2
14. «Амкар»	4	0	2	2	4-8	2
15. «Тэрч»	4	0	2	2	3-9	2
16. «Томь»	4	0	1	3	2-7	1

Премьер-лигэм хэт гупхэр зэрыщIэрыгъуэ

Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI	Т.	О.
1. «Локомотив»	4	4	0	0	12-6	12
2. «Спартак»	4	3	1	0	10-3	10
3. «Спартак-Налшык»	4	3	1	0	6-3	10
4. «Москва»	4	3	0	1	7-5	9
5. ЦСКА	4	2	1	1	11-8	7
6. «Сатурн»	4	2	0	2	12-9	6
7. «Крылья Советов»	4	2	0	2	7-8	6
8. «Рубин»	4	2	0	2	4-5	6
9. «Химки»	3	1	2	0	3-2	5
10. «Луч-Энергия»	4	1	0	3	7-8	3
11. «Шинник»	4	1	0	3	5-8	3
12. «Зенит»	4	1	0	3	2-5	3
13. «Динамо»	3	0	2	1	2-3	2
14. «Амкар»	4	0	2	2	4-8	2
15. «Тэрч»	4	0	2	2	3-9	2
16. «Томь»	4	0	1	3	2-7	1

Жыджэру зэдэлэжьэн папщIэ

Налшык къалэм Физическэ культурэмрэ спортымкIэ и комитетым иджыблагъэ зэхуэс иригъэкIуэкIащ. Абы къыраГъэблагъащ къалэм и футболист нэхъ лъэщхэр, футболымкIэ СДЮШОР-хэм я тренерхэр, а спорт лIужьыгъуэм и ветеранхэу Ильин Валерий, Хъуран Мухьэрбий, Гугъуэт Эдуард, Бозий Марат, КIэбышэ Заур, Ватиян Рубен сымэ.

КЪЭБЭЩЕЙ-Балькъэрым ФутболымкIэ и федерацэм и тхьэмадэу хахащ Налшык къалэ администрацэм и ичаф-щI Хьэмгъуокъу Леонид. Тренерхэм я псальэм кьыхэщащ Хьэмгъуокъу спортым, псом хуэмыдэу футболым, зэрыдихьэхыр, зэрыхищIыкIыр икIи федераIэр ефIэкIуэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIыну зэрыщыгугъыр.

Апхуэдэу зэхуэсым щытепсэлъыхьащ Налшык, республикэм псом тонджэгум зыщегъэужьын зэрыхуейм. Футбол школэр зыхуей псомкIи зэрызэмыпэщIу, ахэр щIэпсэкъуэн зэрыхуэныкъуэр кьыхагъэщащ. Апхуэдэуи КЪБР-м ФутболымкIэ и федерацэм и гъэзэщIакIуэ комитетымрэ СДЮШОР-хэм я тренер-егъэджакIуэхэмрэ нэхъ жыджэру зэдэлэжьэн хуейуэ яГъуэщащ.

Налшык къалэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1анIэ.



ДИЗЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и1экIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещIанэ щыIэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къудэгъэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жуан зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхущхьэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэкъуэмэ Iуэхущ1анIэхэм ядлэжьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пиСмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдэзкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1анIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэз тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщIэтэ Iуэхугъуэхэм я пжагъымкIэ ахэр зытхахэм пэсу жуэап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэныту щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдгъэм яхуэхьыныр и пщIэ дэлъ КЪБР-м федеральнэ почтет зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щрыкмкIэ жуэап ехь КЪБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №П-0065-м щIигу ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

КЪБР-м ЩIэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ ЗэнатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинымрэ и1экIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖЬэКIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къудэгъэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудэгъэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жуэап зыхь секретарь), **Жылаес Маритэ, Iьостэн Музэ, Ныбэжь Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

Къэрей Элинэ *трикащ.*

Зэпеуэр иокIуэкI.

● Дзюдо

Лыхъужьым и фэеплъу

Курэжы-абхъаз зауэр зэрирухэр илъэс 15 зэрырикъум и щIыхькIэ Налшык щекIуэкIащ дзюдомкIэ ныбжьыщIэхэм я 12-нэ республикэ зэпеуэхэр. Абхъаз Республикэм и лIыхъужь, СССР-м спортымкIэ и мастер Шорэ МуIэед и фэеплъыр. Ар къызэрагъэпэщащ КЪБР-м Физическэ культурэмрэ спортымкIэ комитетым. Абхъазым щызэуа ди лъэпкъэгъуэхэм я зэгуэныгъэм, дзюдомрэ самбэмкIэ РДЮСШОР-м.

ШорэМуIэед 1962 гъэм мазаем и 27-м Бахъсэн куейм хыхьэ Куба къуажэм къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэралуниверситетым и экономикэ факультетыр кьиуха нэужь, къэрал налог инспекцэм щылэжьащ. Ди къуэш абхъазхэм зауэ къращIылIауэ щызэхихым, абыхэм защIэзыгъэкъуэну япэу кIуаХэм Шорэр ящыщщ. МуIэед зи унафэщIу щыта адыгэ тIасхъэщIэх гупыр цIэрыIуэ хъуащ. Шорэ МуIэед и цIэм епхащ зауэм и кIэух хъунур зэлъыта зэхэуэ гуащIэхэр. Адыгэ гупым гъэру кьащтауэ щытащ курэжьдэхэм и унафэщI куэд икIи япэ дыдэу Правительствэм и унэм Абхъаз Республикэм и ныпыр щыфIэзыдзари Шорэр зи пашэ гупырщ. МуIэед зэуэхэм я фIыщIэкIэ иджыри зэ адыгэхэм я цIэр дуней псом фIыкIэ щыIуащ.

Шорэр 1973 гъэм дзюдом зыхуигъэсэну къэкIуауэ щытащ категорие нэхъыщхьэ зиIэ тренер-егъэджакIуэ, физическэ культурэм щыщ зиIэ и лэжьакIуэ Ныр Сефи и деж. Тренер Iэзэм и нэIэ щIэт щIалэщIэр зэхьэзэхуэ, турнир, чемпионат куэдым щытекIуауэ щытащ икIи спортым и мастер хъуащ.

Мы гъэм илъэс 15 ирокIу ди къуэш Абхъаз Республикэм и текIуэныгъэр. Зыкъи утемыкIытыхьу, атIэ уригушхуэу жьыпIэ хъунущ а текIуэныгъэм адыгэхэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIар. Ди республикэм икIыу зауэм кIуаэм щыщыу 59-м къагъэзэжакъым. Ди щIалэхэр абы щIэкIуаэр зауэм хэтыну щIэхъуэпсу аратэкъым, атIэ Абхъазым, Кавказ Ищхьэрэ псом мамырыгъэ щыIэну хуейти аращ.

Зэхьэзэхуэм кърихьэлIащ КъБР-м Физическэ культурэмрэ спортымкIэ и комитетым и унафэщI АфIэунэ Аслъэн, Абхъазым щызэуа ди лъэпкъэгъуэхэм я зэгуэныгъэм и тхьэмадэ Бекъшокъуэ Алексей, МуIэед и анэ Шорэ Нюсэ сымэ.

ЛIыхъужьым и фэеплъ турнирым хэтащ республикэм и районхэм, кьалэхэм кьикIа спортсмен ныбжьыщIэ 250-м щIигъу.

Дэтхэнэ зы зэIущIэри гуащIэу екIуэкIащ. Щыбзна хьэлъагъэхэм пашэныгъэр щаубыдащ Гъэсашэ Азэмэт (кг 38-рэ), Тхьэгъэзит Iэдэм (кг 42-рэ), Хьэхъупащ Бесльэн (кг 46-рэ), Битокъу Баирэсбий (кг 46-м щIигъу), Таучэ Азэмэт (кг 55-рэ), Дигоев Чермен (кг 60), Тогузаев Уэсмэн (кг 66-рэ), Щокъуэ Аслъэн (кг 73-рэ), Шорэ Рэмэзан (кг 81-рэ), Хьэкъул Iэмин (кг 81-м щIигъ) сымэ.

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэм кубокхэр, медалхэр, Шорэ МуIэед и сурэтыр зытет грамотэхэр иратащ.

А махуэ дыдэм Абхъазым курэжы-абхъаз зауэм текIуэныгъэ къызэрыщихьэ илъэс 15 зэрырикъум и щIыхькIэ Арщыдан къуажэм щекIуэкIащ футболымкIэ турнир. Ари фэеплъ хуащIащ а къуажэм щыщу зауэм хэкIуэдахэм.

ДУДЕЙ Леонид, ЖЫЛАСЭ Замир.

Сурэтыр

Къарей Элинэ *трикащ.*

● Школ хъыбархэр

Балигъ ныбжьым нэсахэр

Шэрджэс Хь. и цIэр зэрихьэу Жэмтхьэлэ къуажэм дэт курыт школым зэIущIэ гуаIэ щекIуэкIащ - паспортхэр иратыжащ зи ныбжьыр илъэс 14 хьуа елжакIуэхэм.

А МАХУЭМ цIыкIуэхэр щIэ гуэр зэрыпэплъэр яхуэгъэзыщIэрэ зэрыпэплъэр къызыгурыIуа «Динамор» ебгъэрыкIуэрт, ауэ ди щIалэхэр нэхъ лъэщти, текIуэныгъэ кьахуэзыхь бжыгъэр яхъумэфащ. Иджыпсту «Спартак-Налшыкым» турнир таблицэм ещанэ увыпIэр щиIыгъащ.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ адрей командэхэм я щIалэгъуалэ гупхэр зэрызэдэджэгуам къариКIуаХэм: «Москва» (Мэзкуу) - «Химки» (Химки) - 1:2, «Рубин» (Къзэан) - «Томь» (Томск) - 1:0, «Тэрч» (Грознэ) - ЦСКА (Мэзкуу) - 2:2, «Сатурн» (Мэзкуу область) - «Локомотив» (Мэзкуу) - 1:3, «Крылья Советов» (Самарэ) - «Луч-Энергия» (Владивосток) - 3:1, «Шинник» (Ярославль) - «Зенит» (Санкт-Петербург) - 2:0, «Спартак» (Мэзкуу) - «Амкар» (Пермь) - 4:1 (мэзкудэхэм я иужьрей топитIыр дэзыгъэкIар Бажэ Амирщ).

КЪЭХЪУН Бэч.

● Щ1эблэ

ФIым хуаущий

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым педагогикэмкIэ и колледжым щекIуэкIащ ди щIэблэм хэкуп фIыуэ ильэсыу. хьэл-щэн дахэ зэрыхьыкIуэтеиным теухуа зэIущIэ.

АБЫ КЪРАГЪЭБЛЭГЪАТ ди республикэм и цIыхубзхэм я сэмэгумэ, зауэмрэ лъэныгъэмрэ, дзэ къарухэмрэ хабзэхъуэмэ Iэнатlэхэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ советым, педколледжым щеджэ студентхэм я советым хэтхэр.

Мыпхуэдэ зэIущIэ щIраГъэкIуэжкIам и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъэщ; егъэджакIуэ, гъэсакIуэ Iэщ1агъэр къыхэзыахэм я къэухьымрэ я гупсысэмрэ куэдкIэ ельытащ щIэблэм иIыну зэхэщIыкIыр. Педколледжым и егъэджакIуэхэр тепсэлъыхьащ щIэблэ зэгуэныр диIэныр ехьэлIауэ нобэ ди къаралымрэ ди республикэмрэ щрагъэжIуэкI лэжьыгъэм. Зэхуэсым къарагъэблагъа нэхъыжьхэм щыбжьыпIэхэр щIалэгъуэуащ дерс къызыхахьи псалъэмакъ щхьэпэ: зауэ дьхъэхэм щIыхубэм яхэлъа лIыгъэмрэ шыIэмрэ, къэралым зиужьыным я гуащIэу халъхьам, нэгъуэщIхэми. Езы студентхэр тепсэлъыхьащ щIалэгъуэуащ дерс къызыхахьи псалъэмакъ щхьэпэ: зауэ дьхъэхэм щIыхубэм яхэлъа лIыгъэмрэ шыIэмрэ, къэралым зиужьыным я гуащIэу хал